


KONBA A

 Chemen li yo ensondab, pa vre? Mèveye Seyè! Ala dous sa ye pou fè L konfyans. Mwen sèten ke n ap pase yon bon moman aswè a. E apèn pòt la te louvri la talè a pou ap tandè Sè Gertie ap chante ansyen kantik sa, *Kontinye Kenbe, Jis Inèdtan Ankò*, sa raple m souvni ti legliz mwen an, jis anvan m te kite lòt jou a pou m t al nan chan zèv misyonè. Kounye a m ap gade yon siy “Chache Bondye Dabò” la sou vye poto bwa sa a, M sonje Sammy Davidson te desinen sa la a sa fè apeprè vennsenkan, sou lòt bò a mwen kwè sa di, “Ki kote W Ap Pase Letènite? Panse!” Epi jis *isi a* te gen yon—yon pòtrè “Fanm Bò Pwi A,” epi, “Danyèl Nan Kavèn Lyon yo.” O, la la! Anpil bagay te rive depi lè sa.

2 Jis vè senkè apremidi jou sa a m te resevwa yon apèl ijan ki te soti a anviwon trant, karant mil distans de anba la nan kanpay, konsènan yon fanm ki t ap mouri, yon zanmi trè presye, manman Georgie Carter. E m te konsyan te gen anpil minis la pou pran relèv la jiskaske m te retounen. Edith tou, pa t bon menm. E pandan nou te la, Bondye Seyè a te antre nan sèn, epi Sè Carter te chape lwen zafè mouri. Kifè, konsa nou gen rekonesans pou sa.

3 E kounye a se tan pou sèvis kominyon an nan pa lontan, M panse ke se vè midi yo pral fè l. A ki lè ou te prevwa bay li? [Frè Neville di, “Nenpòt lè, kòmanse kounye a nenpòt kilè apre onzè trant.”—Editè a.] Jis nenpòt lè ke nou . . . Konbyen moun ki pral pran kominyon aswè a, kite nou wè men nou. Sa se, o, sa se bèl bagay. Dakò, m jis vle di yon mo ou de. Petèt m ap depoze mont mwen la pandan apeprè dis, kenz minit, epi n ap kòmanse kominyon an. Kounye a, èske nou renmen L? [Kongregasyon an di: “Amèn.”—Editè a.] Amèn. E m konnen ke nou te pase yon bon moman, pa vre?

4 Ebyen, èske se pa Frè Thomas Kidd, ak Sè Kidd ki isit la, ki soti anba nèt Ohio. M sipoze ke yo te deja monte. O, se byen, m espere ke sa sou bann e ke m ap jwenn li. Nou konnen, yo p ap lage sa. Yo jis manke kèk jou pou gen santan, men—men se sa ki ban m kouraj, se ap gade moun konsa. Reflechi, m se yon nonm aje, e anvan m te fèt yo t ap preche Levanjil. Epi men mwen yon nonm aje, epi yo, si yo pa ka al yon kote pou fè tandè vwa yo, yo jis pran yon mayetofòn pou al de lopital a lopital, de kay an kay, ap preche Levanjil. Sa a bon tout bon. Amèn. M vrèman kontan pou yo e pou tout sa yo ki te prepare davans pou sèvis sa yo la.

5 Kounye a, sonje, nou pral anonse l kounye a, si Seyè a vle, jis osito ke legliz la fini, ke yo pretann ap prè apeprè bò dis fevriye, enben, n ap fè l, si Seyè a vle, nou vle pran omwen uit oswa dis jou, ou petèt de semèn, sou *Sèt So* Apokalips sa yo. E nou pral

voye kat, sot isit la, bay moun k ap vizite nou ki soti toupato, pou fè yo konnen byen lontan davans konsa si yo deside vini, ebyen, n ap vrèman kontan resevwa nou isit la. E petèt Seyè a pral ban nou yon lòt demonstrasyon Prezans Li tankou Li te fè l dènye fwa a lè nou te fini avèk *Sèt Aj Legliz* yo.

⁶ Si jamè nou vle priye pou yon moun, enben, toujou sonje m, paske m se youn ki vrèman bezwen sa. Kounye a, mwen on jan wont tèt mwen, pou m pran dis, kenz minit sa yo la a, pou di yon ti bagay anvan nou kòmanse, men annou koube tèt nou jis yon moman.

⁷ Seyè Jezi, o, batay la pral fini yon jou, e p ap gen okenn malad ankò pou priye pou yo, e p ap gen pechè ankò pou repanti. Men, Papa, pandan ke jou sa a jan l ye a, kite nou travay pandan ke nou gen limyè pou travay, paske lè a rive kote pa gen ankenn moun k ap ka travay. Kounye a, jis pou kèk moman, Seyè, m t ap santi m mal si m pa ta fè sa, pou m fini ane sa san m pa di kèk mo anplis. Ede m, Papa, m priye, ke m ka di yon bagay ki pral plante kouraj nan kè pèp Ou a, konsa nou ka kite isi a aswè a apre nou fin pran kominyon an, e nou reyalize ke nan kominyon an gen fòs. Izrayèl te pran kominyon an dabò nan peyi Lejip, e yo te mache pandan karantan san soulye yo te abimen oswa rad yo te vin blaze. E, sou de milyon moun, pa t gen youn ki te fèb nan mitan yo lè yo te soti nan dezè a. Seyè, annou sonje sa aswè a pandan n ap apwoche gran moman sa a. Nan Non Jezi nou priye. Amèn.

⁸ Si m ta vle pale de kontèks kote m te ekri sa m ta pral kòmanse apremidi a, nou t ap isit la jiska senkè di maten. [Yon moun di: “Sa t ap kòrèk.”—Editè a.] Men m vle li jis yon Pawòl nan. . . [“Sa ap kòrèk.”] Mèsi. Nan Efezyen, chapit 6, vèsè 12, e jis pou kèk moman kounye a, pou bannou kouraj.

Paske se pa ak moun nou gen pou nou goumen, men se ak move lespri ki nan syèl la ak chèf, ak pouwa, ak . . . otorite . . . k ap gouvènen nan fènwa, ki sou latè a.

⁹ “Move lespri ki nan syèl la.” E m ta renmen trase yon ti kontèks pandan dis oswa kenz minit apati de sa, oswa yon tèks, pito, mwen vle rele l: *Konba A*. Yon konba se yon tès pou fòs. E noumenm, kote nou gen. . . tès pou fòs la. Nou te konn gen. . . Endyen yo te konn limen yon dife, e yo te mete tan moun nan bout kòd sa a, epi tan lòt nan bout sila a, epi rale kòd la—la, pou tès fòs la, pou ap rale ekip ki pèdi a atravè dife a. Kounye a nou konnen gen anpil bagay, ke nou ka baze sou sa pandan kèk minit, sou—sou konba a, men m vle pale byen vit pandan minit sa yo sou pi gran konba ki egziste, se sa a, ant Legliz la e Satan. Gwo fòs Satan sa a. E nou vle pale de gwo fòs Bondye a nan Legliz Li.

¹⁰ Kounye a, gwo konba sa ap dewoule depi plizyè lane. Li te kòmanse nan Syèl, epi yo te chase Satan al sou tè a, e aprsa li te vin yon lènmi pou pèp Bondye a. E, depi lè sa, li itilize tout fòs

li ak tout estrateji li pou eseye rale pèp Bondye a atravè dife yo, oswa, nan dife pa l yo.

¹¹ E nou konnen Kimoun ki gen plis pwisans lan, se Bondye. E Bondye, lè L te bay pèp Li meyè Bagay ke L te kapab pou konbat Satan, se te Pawòl Li. Kounye a, paske Pawòl la se Bondye, kimoun ki pi fò pase Bondye? Kifè, Pawòl la se Bondye, e Pawòl la vin fòs nou. Bondye nan Legliz, vin Fòs li pou rale Satan nan pwòp dife li ke l te fè. Epi lit la ap kontinye. Kounye a, Jezi te di, nan Mak 16, “Nan Non Mwen yo va chase demon.”

¹² Bon, m konnen ke se yon vye dikton ke moun, oswa, gen yon vye dikton ke . . . e li pa tèlman vye, tou. Moun yo pa kwè nan demon jodi a. Men bagay pou fè, dapre opinyon m, se konnen lènmi w. Epi—epi konnen lènmi w, epi antrene pou konba ke w pral genyen lè w rankontre l, paske ou pral rankontre l. Epi konnen l, konnen . . . konnen kisa fòs li ye, epi apres a antrene pou konba sa lè w va rankontre l. Paske gen yon bagay ki sèten, ou pral rankontre l, kifè antrene pou konba a.

¹³ Bon, antrene pou yon konba se jis tankou yon bokse. Lènmi li—li ke li pral rankontre deyò a la nan yon konba, pou goumen, yon vrè bon bokse anjeneral konnen epi etidye advèsè li. Li etidye atak li yo, li konn ki kote l ap frape, si l panche devan, si l rete deyè, si l goumen ak men dwat oswa men gòch. Li etidye tout bagay sa yo. E alò si l se yon bon bokse, entèlijan, l ap jwenn yon patnè pou antrene ki pral goumen egzaktman jis tankou advèsè l la, paske l ap konn tout atak li yo lè l rive nan plas sa.

¹⁴ E mpanse ke se yon trè bon bagay pou Kreyen yo fè. Se vre. E kounye a si w vle kòmanse antrene, kòmanse ak Jan 3:16, Règ Annò a. Kòmanse touswit ak sa, e sa pral fese w atè. E apres a antrene pou—pou kout pwèn mete k o a, paske ou pral oblije itilize yo. Tout moun konn sa. Ou dwe antrene pou frape lènmi w. E Bondye, toujou itilize Pawòl Li. Nou dwe sonje ke Bondye itilize Pawòl Li pou kale lènmi Li. Si Bondye te ka pansè oubyen te ka bay pèp Li yon bagay ki pi bon pou kale lènmi an, Li t ap fè l. Alò jan m te toujou di, “Lè Bondye pran yon desizyon, se pi bon ki egziste. Li pa janm oblije chanje desizyon L yo.” Alò premye desizyon Bondye te bay pèp Li nan jaden Edenn lan, pou konbat lènmi an, se te Pawòl Li. Yo te fòtifè ak Pawòl Li.

¹⁵ E kounye a lènmi an pral etidye. . . estrateji nou ak Pawòl la. Epi, la, Satan te etidye tout bagay sa tèlman pafètman jiskaske, lè l te vin jwenn Èv, li te gen—pi bon estrateji li te ka itilize sou li, e se te rezon ak Pawòl la. Kounye a, ou pa janm dwe rezon ak Pawòl Bondye. Jis kwè Li. Pa eseye eksplike L. Pa eseye konprann Li. Bon, ou pa ka konprann Bondye, kifè Bondye se Pawòl la, e Li jis fèt pou kwè. E sa se Fòs nou, jis akseptè Pawòl la. E tout moun konnen ke yon semans nan bon kalite tè a ap pwodwi selon espès li. E nou jis pran Pawòl la.

16 Epi, kounye a, Èv kòmanse kanpe pou rezone, lè misye. . . manzè te site Pawòl la pou li, ke, “Bondye di, ‘Ou pa òwe manje ladann, paske jou ou va manje l la’ jou sa n ap mouri.”

17 Satan pa t janm an dezakò avè l. Li di, “Sètènman, se vre.” Men li di, “Ou wè, ou bezwen kèk nouvo Limyè.” Yon bagay on tijan diferan de sa Bondye te di. “E si w fè sa, w ap jis vin on ti jan pi entelijan. Je w yo va louvri.”

Men manzè di, “Ebyen, Bondye te di n ap mouri.”

18 Li di: “O, se sètèn. . .” Ou wè, men li, jis ti mòso sa, “Se sètèn ou p ap mouri.” Men Bondye te di ou t ap mouri, e sa regle sa! E se sa—sa ki te kase gwo batay rale kòd la lè sa a, pou rale tout ras imen an nan lanmò, paske Èv te koute yon rezònman kont Pawòl Bondye a. Bon, se yon wont ke l te fè l, men sa a pase. Men kounye a nou toujou fòtifye, e lyen sa te etabli nan Kris Jezi. Nou konn sa. Bondye te ban nou meyè defans nou, jis senpleman pou nou fè Pawòl Li konfyans.

19 Nou konnen, e anpil moun di jodi a ke pa gen bagay tankou dyab la pa egziste. Yo kwè ke se jis yon panse tou senpleman. Yo kwè sa. E gen moun ki kwè ke—ke—ke Sentespri a se yon bon panse, e ke dyab la se yon move panse. Men si nou remake, lè Bib la pale de Sentespri a, Li di, “Lè Limenm Sentespri a va vini.” E “Limenm” se yon pwonon pèsònèl. Ou wè? Kifè, Limenm, se yon Moun. E dyab la se yon moun. E demon yo se moun. Wi, yo se demon, e yo—yo vini sou plizyè fòm. Men yo panse ke se yon lide ki pase mòd.

20 Yon nonm t ap diskite avè m isi a sa fè kèk semèn. Li te di, “Ou konn kisa w ap fè? Ou jis ap manipile lespri moun sa yo pou ap panse yon bagay lè w di yo bagay sa. Se jis yon chanjman nan panse.”

21 M te rankontre menm bagay la nan peyi End yon fwa, lè mesye sen sa yo la kote nou te genyen, mwen kwè pi gwo oditwa m te janm preche, nan yon sèl reyinyon kote moun te kanpe, yon demi milyon moun, e m te kapte sa pa disèneman Espri. Yo te wè Sentespri a k ap deziyen moun, epi rele yo, nan oditwa a, pou ap di diferan bagay, epi ap kapte panse yo. Raja yo ak moun sen yo, yo te di, “L ap li panse yo.”

22 Kifè apre kèk moman, apeprè senk ou sis moun te pase nan liy priyè a, epi yon nonm avèg te vini. Li te konplètman avèg, e je l yo te blan tankou chemiz mwen. E m te di, “Kounye a men yon nonm avèg, tout moun ka wè li avèg.” Epi m te di, “Si m te ka ede l m t ap fè sa, men sèl fason m t ap kapab se t ap avèk yon don, petèt pou m di yon bagay ke l te fè; e sa t ap fè panse ke si Bondye konn sa l te fè, L ap sètènman konnen kisa l pral fè.” Kifè m te di, “Bon, pandan m ap gade l,” mwen te di, “kounye a, li se yon adoratè solèy. Li avèg depi ventan.” Epi, lè entèprèt la te di sa, se te vre. M te di, “Li se yon nonm marye. Li. . . madanm

li on jan piti, e li gen de pitit gason, youn gen apeprè sètan, youn nevan.” Se te egzakteman sa. M te site non yo, se te sa.

²³ Aprea nan oditwa a, nan plas kote moun yo te ye a, vag sa a te vini, “Sa a mantal, se yon bagay tankou—tankou yon lekti telepatik panse yo.”

²⁴ Alò m te panse, “Seyè, si W te ka jis ede m. Mwen—mwen bezwen èd Ou, Seyè. Moun sa yo ap eseye defini sa ak telepati. E se pa sa, e Ou konn sa, Seyè.” Poutan, m te ba yo Ekriti kote Jezi te di Li pa fè anyen jiskaske Papa a te montre L li. E alò, pandan m ap vire gade nonm lan ankò, m te wè l jis anlè la a nan yon vizyon, avèk je ki osi bon ke pa m. M te panse, “Kounye a se moman an.”

²⁵ M te di, “Nonm sa a se yon adoratè solèy, bon, li te vin avèg.” Epi m te di, “Kounye a, . . . Men prèt mawometan yo, epi men prèt Sik yo—yo, Jains, ak diferan tip relijyon, Boudis. Kounye a nonm sa ta renmen rekòmanse wè. Kounye a, nou ta di ke li—li te adore kreyasyon an olye de Kreyatè a. M kwè sa, tou. Men men nou chita aswè a.” M te di, “E nou te . . . jodi a yo te resevwa m nan tanp Jains kote disèt diferan relijyon te la pou entèvyouve m, e yo tout kont Kris, yo tout nèt!” Epi m te di, “Kounye a, anpil nan nou mesye yo nou te anba la. Bon, si Kris tèlman fo, alò nonm sa vle gen rezon, e se sèten Bondye kreyasyon an Ki te fè mond lan va sèl Sila Ki ka fè l wè. Sa rezonab.” Epi m te di, “Kounye a, si nenpòt nan nou, Mawometan isi a ki se relijyon prensipal la, si prèt Mawometan an ap vin isi a pou fè l wè ankò, alò m ap swiv Mawometan an, oubyen si prèt Boudis la fè l wè ankò. Men ke Bondye Ki kreye l la, Bondye a, Bondye yon moun kèk kote, paske sa oblije fèt, nou pa ka gen yon kreyasyon san yon Kreyatè. E sa ap pran yon Kreyatè pou l ka wè nan je sa yo. Sa fè ventan ke li avèg poutèt li te gade solèy la, pansan ke li ta pral nan Syèl si l te fè sa. Nonm lan te fè sa pa inyorans.” M te di, “Kisa noumenm prèt Boudis yo ka fè? Nou ka jis chanje fason l panse. Nou ka di li gen tò.” Yo adore zansèt yo ki mouri. Epi m te di, “Kounye a, nou ka panse ke li, nou ka di ke li gen tò, men kisa nou ka fè? Nou ka chanje fason l panse.” Epi m te di, “Kisa Mawometan an ka fè? Chanje fason l panse. Sik yo, Jains yo, elatriye, chanje fason panse moun yo.”

²⁶ M te di, “Nou gen menm bagay la Ozetazini. Tout Methodis yo vle fè tout Batis yo vin Methodis, e Pannkotis yo vle pran tout Methodis yo pou fè yo Pannkotis. Se yon chanjman panse. Men se pa de sa n ap pale. N ap pale de Bondye, Kreyatè a.” Epi m te di, “Se sèten Kreyatè a t ap pale.” Epi, bon, m pa t ap di sa si vizyon sa pa t la, pa ditou. La m te di, “Kounye a, si se Sila a, se pou L Bondye, pou vin fè l wè.” Epi m te di, “Kounye a m defye nenpòt prèt ou Raja, ou òm sen ou nenpòt sa l ka ye a, pou vin fè l wè, e mwen va swiv filozofi nou an, nou t ap gen yon konvèti.” E se te gwoup moun ki pi trankil ke m te janm tande. Ou wè? Pèsonn pa t fè l.

27 Epi m te di, “Poukisa nou tèlman trankil konsa?” M te di, “Rezon ki fè nou konsa, se paske nou pa ka fè l, ni mwen menm tou. Men Bondye ki nan Syèl la Ki te resisite Pitit Li Jezikri, Ke nou se sèvitè a, te fèk montre m yon vizyon ke nonm lan pral wè.” Ou wè? M te di, “Kounye a, si se pa konsa, alò nou ka ban m lòd pou kite peyi End. Men si se konsa, nou chak nou dwe Jezikri lavi nou. M ta renmen mande nou, konbyen moun isi a ki va bay Kris lavi yo si avèg sa retounen wè? Ou wè prèt nou yo, pèsonn pa t vin isi a. Poukisa yo pa vini, si yo di nou ke relijyon yo tèlman gran e tèlman enpòtan? Poukisa yon moun pa vin di yon bagay?” Pèsonn pa vini. M te di, “Alò nou menm moun ki la a, si nou wè avèg sa ki kanpe la . . .”

28 Epi men yon doktè ki te vini pou egzamine je l yo. Li sekwe tèt li, li di: “Li avèg.”

29 Epi la m te di, “Se sètèn, li avèg.” Men m te di, “Si . . . E si Bondye fè l wè, konbyen nan nou ki va sèvi Jezikri?” E jis osi lwen ke m te ka wè, te gen yon lanmè men nwa. M te vire bò kot nonm lan, e m te di, “Seyè Jezi, se pou yo konnen ke W se Bondye.” Nonm lan te atrap mwen nan kou, e majistra Bombay a te chita la a, li te atrap li nan kou li, li te wè osi byen ke nenpòt moun.

30 Kisa sa ye? Se—se reyèlman yon pwisans! Bondye se Bondye, e Satan se Satan! Si nou pa kwè nan demon . . . Lè m te fèk kòmanse, mwen—mwen te konn twoke kòn avè l chak jou. Pa di m ke pa gen demon, paske m konn mye. M oblije goumen avè l chak jou. Kifè m konnen gen—gen yon dyab. E nou dwe antrene lè nou rankontre l. Pa antrene nan sikoloji, pa yon antrene nan edikasyon; men antrene ak Sentespri a; Pwisans Bondye nan Pawòl Li pou manifeste L. Konnen lènmi nou. O, ala l mechan!

31 Ala m ta renmen kanpe la kounye a pou ap etann sou sa, retounen nan Bib la pou montre nou la a moun ki te vin fas a fas avè l. Kijan nan konba kont lènmi an, yo te fòtifye tèt yo ak Pawòl Bondye a. Noe te viv yon eksperyans, e li te konnen ke Bondye te di l lapli ta pral tonbe. E konba a t ap dewoule ant lasyans e Pawòl Bondye a: Lasyans di, “Sa pa ka rive.” Bondye di, “Sa ap rive.” Amèn.

32 Menm bagay sa egziste jodi a. Sa ap rive! Sa rive efektivman! Gen demon! Men Jezi chase yo, e Li bay Legliz Li otorite pou fè sa, “Chase demon nan Non Mwen!” Li te chase sèt demon soti nan yon bèl fanm yon jou. Epi Li di, “Lè yon move lespri soti sou yon moun, l al pwonmennen toupatou nan savann, li retounen apresa, li mennen sèt lòt demon avè l.” Kounye a, sa montre ke si nonm lan te pirifye konsènan demon, gen yon bagay ki te nan li ki te soti. Yon demon te soti! Kounye a, lè dyab la soti, sa Bondye . . . bay Bondye yon opòtinite pou antre. Kifè, lè l soti, kite Sentespri a antre. Pa jis kite sa la. Si nou jis repanti de peche nou epi kontinye, alò n ap vin pi mal ke jamè. Men pran plas sa

kote Satan te viv e okipe yon lè, ranpli l avèk Sentespri Bondye a, epi lè sa n ap gen fòs Pawòl Bondye a nan nou, ki manifeste, epi n ap chase demon yo. Nou nan konba. Limyè aswè yo ap briye. Sentespri Bondye a prezan.

³³ E kounye a rete apeprè—apeprè twa minit anvan siflèt yo sonnen, e l ap minwi. Alò pandan n ap kite bilding sa, pou ale nan diferant plas nou lakay nou, pou rankontre deyò a, epi pou rankontre mond lan, ann pa ale tankou nou konn fè fwa pase yo. Ann ale ak pwisans rezirèksyon Li. Ann ale lan Non Jezikri, ak yon labanyè leve byen wo, epi ak lafwa nan Pawòl Li, pou manye Epe de bò a, ak boukliye epi tout pwoteksyon Bondye yo nèt, pou koresponn avèk lènmi an, paske l ap vin pi fò epi pi pwisan chak jou. Pandan—pandan lènmi an ap vini tankou yon delij, Lespri Bondye leve yon etanda kont li. Si nou rive nan fen bagay sa yo ke nou . . . e ke mistè Bondye yo ap fini avèk nou, n ap chache plis fòs, yon fòs pou anlèvman, pou fè fas a yon fòs ki pi terib, k ap anlve Legliz pou mennen L nan Laglwa. Nou dwe posede l. Annou fè fas a 1963 avèk yon defi, tankou, nou se sévité Bondye vivan an! E menm jan ak Chadrak, Mechak e Abèdneg nan tan lontan, nou p ap koube devan demon mond sa epi n ap reprann bagay sa a ke nou te pale a, men annou kontinye batay la.

³⁴ M santi aswè a, pandan n ap tande siflèt yo, yon bagay tankou David jou lannwit cho tèrib sa a kote l te lonje la anba touf bwa mirye sa, epi lènmi an t ap monte ak bwi. Ala yon tan sa te dwe ye pou David! Ala yon moman pou li ki te lonje la! Li pa t konn kijan pou l te bouje, li pa t konn kisa pou l te fè, paske l te konnen yo te plis pase l. Men, toudenkou, li te tande son yon Van ki t ap travèse tèt touf bwa yo. Li te konnen ke Bondye t al devan l, e li te ale nan batay la. M santi yon bagay konsa aswè a, apre Mesaj yè swa a, M twouve m nan moman ki pi sonb ke m te janm rankontre nan vi m. M santi m tankou Ezayi nan tanp lan apre l te fin wè zanj sa yo, M se yon nonm ak bouch ki pa pirifye, e m ap viv pami moun ak bouch ki pa pirifye. Men koute, mwen—mwen . . . mwen dwe fè fas a li kanmenm, epi, sèl bagay la, m ap tann pou tande gwo bwi sa a nan touf bwa mirye yo, pou al fè fas a lènmi an kèlkeswa kote l ye a. Bondye va ede nou fè l.

³⁵ E kounye a m panse ke l ap minwi nan yon minit. E 1962 avèk tout pase li, annou kite l dèyè.

³⁶ Annou leve kanpe sou pye nou kounye a, nou tout. Konba a ap kontinye. Nou chak . . . Pòl te di, “Bliye bagay sa yo ki nan tan pase,” tout erè nou te fè ane pase yo, “M ap kontinye nan direksyon vokasyon selès la.” Tout erè m yo ke m te fè tout ane sa yo, padonnen m pou yo. Bondye, padonnen m. Legliz, padonnen m. E ministè a, ke m santi, mwen—mwen te echwe a; Bondye, padonnen m pou sa. Legliz, padonnen m pou erè m yo. E m ap kouri nan direksyon vokasyon selès la nan Kris Jezi. Kèlkeswa sa demen rezève, m pa konnen, men m konnen Kimoun ki kenbe 1963.

37 Annou leve men nou bay Bondye kounye a epi annou priye nan pwòp fason pa nou, pandan n ap fè konfesyon nou, epi mande Bondye ede nou atravè nouvèl ane k ap vini an.

38 Papa nou ki nan Syèl la, alò ke nou kanpe isi a, pandan anpil panse ap mouri nan kè nou, epi erè ane pase yo, e pandan n ap apwoche lanmò ane 62 a ak nesans 63 a, O Bondye, ke nou kapab a yon mach pi wo sou nechèl la, jiskaske nou ka wè Jezi ak pwogram Li a. Ke tout moun isi a, Seyè, nan lapriye, pandan ansyen ane a ap mouri, e ke nouvèl nesans nouvèl ane a ap rive, ke vye peche ak enkredilite lòm mouri nan kè nou, epi nouvèl Nesans lan antre avèk ane 1963 a, tankou yon Van vyolan, pwisan ki ka ranpli èt nou pou fè nou vin dè nouvo kreyati nan Kris.

39 Fè ke nou dè sèvitè diy. Padonnen pase nou. Beni fiti nou. Gide nou, O Seyè Bondye, ak men pwisan Ou, Jewova. Beni minis sa yo isi a. Beni tout layik yo, tout vizitè yo. Ke W rete avèk nou, Seyè. Nou se sèvitè W e nou livre nou konplètman ba Ou pou 1963 a, pou ke pwisans Lespri W ka gen plis priyorite nan lavi nou e nan èt nou. Ede nou, Bondye. Padonnen nou epi ede nou, nou priye. Sisite dèzòm vanyan! Sisite sòlda Lafwa vanyan! Ane sa, Seyè, louvri Lamàn kache sa, Wòch sa anba woche a, pou nou ka wè pwogram Bondye a. Kwafe piramid lavi nou, Seyè; mete Pyè fetyè a, Kris Jezi, sou nou tout. Ke gwo benediksyon sen, ekstraòdinè L yo ka sou nou tout. Ke dife Sentespri a vin sou nou. Ke pwisans rezirèksyon an manifeste. Bondye, ala nou remèsye W, aswè a. Nou se pa W. Nou livre nou ba Ou konplètman, Seyè.

40 Alò ke m pral byen lwen, san m pa konn ki kote oswa kouman, oswa kisa m pral fè, M ap fè W konfyans, Bondye Toupwisan, ke Ou va gide m, sèvitè inital Ou a, pou yo ka itilize m pou lonè ak glwa Toupwisan an. Akòde l, Papa.

41 Resevwa priye nou yo. Beni efò nou yo. Geri malad ak aflije yo, alafwa espiritiyèl e fizik. E rann nou sèvitè pa W. Nou se ajil la, Ou se Potye a. Modle nou, chak moun, nan Pwòp fason pa W, pou nou ka konfòm ansanm ak Kris Jezi, antan ke manm Kò Li. Paske nou mande l nan Non Jezi, poutèt Li e pou kòz Levanjil la. Amèn e amèn.

[Yon frè ap pale nan yon lòt lang. Yon lòt frè bay entèpretasyon an—Editè a.]

42 Mèsi, Papa Bondye. Nou remèsye W pou egzòtasyon Nouvèl Ane sa a ki voye nou ale avèk espwa e avèk konsolasyon pou konnen ke nan pale pawòl sa yo ak mesye sa yo ki pa t okouran, ke Mesaj la vre, e W ap mande nou pou pran pozisyon bò kote L. Nou pral fè tout sa nou konnen, Seyè, pou pran pozisyon bò kote W e bò kot Pawòl Ou.

43 Resevwa nou nan Non Sila Ki te anseye nou tout nèt ke nou ta dwe priye konsa, [Frè Branham ak kongregasyon an ap priye ansanm—Editè a.]: “Papa nou Ki nan Syèl la, nou mande pou yo toujou respekte Non Ou. Vin tabli Gouvènman Ou. Pou yo fè

volonte W sou latè, tankou yo fè l nan Syèl la. Manje nou bezwen an, ban nou l jodi a. Padonnen tout sa nou fè ki mal, menm jan nou padonnen moun ki fè nou mal. Pa kite nou nan pozisyon pou n tonbe nan tantasyon, men delivre nou anba satan; paske se pou Ou tout Otorite, tout pouvwa, ak tout lwanj pou tout tan. Amèn.”

⁴⁴ Ke Seyè a beni nou e veye sou nou. Men sa yo kounye a ki dwe antre lakay yo . . . Kounye a li senk minit apre lè, li senk minit nan ane 63 a. Bon ke Bondye beni nou. E—e nou menm ki vle rete pou kominyon, nou jis byenvini pou nou rete, n ap kontan genyen w. Se pa yon kominyon fèmèn, se pou chak kwayan ki nan fratènite ak Kris. Nou byenvini pou nou rete epi pran kominyon avèk nou. E rezon ki fè nou fè sa se paske se premye bagay la, n ap kòmanse yon vwayaj. E Izrayèl, anvan yo te kòmanse vwayaj yo a, yo te sakrifye ayo a e yo te manje zèb anmè, epi yo te kòmanse vwayaj yo. E m te panse, “Ala sa a apwopriye aswè a!” Yo te sakrifye Ayo a, yo te prepare L, se te fèt la, e se minwi. Se lè sa yo te manje l, nou konnen, a minwi. Kifè annou, noumenm ki vle rete avèk nou epi pare pou vwayaj k ap vini an, ki ap tann nou, n ap kontan genyen w. Ke Bondye beni w.

⁴⁵ E nou menm ki oblije ale kounye a, nou ka rantre lakay nou, e ke Bondye avèk nou jiskake mwen rankontre nou ankò. Amèn. Rès nan nou yo ka chita epi apres a n ap kòmanse kominyon an. Sè a pral . . . Trè byen, mesye.

Jouk nou rankontre! jouk nou rankontre!
 Jouk nou rankontre nan pye Jezi; (jouk nou
 rankontre!)
 Jouk nou rankontre! jouk nou rankontre!
 Ke Bondye avèk nou jouk nou rankontre ankò!

⁴⁶ Annou chante l ankò pandan n ap tann, nou konnen, pou sa yo k ap soti. Nou ka rete trankil, paske sa a se yon bagay trè solanèl. M pral li yon bagay nan Ekriti a la jis nan yon moman ki trè, trè, trè bon. E kounye a annou chante l ankò.

Jouk nou rankontre! Jouk . . .

Annou bay on moun lanmen. Si gen yon bagay ki mal nan vi nou, e ke moun nou fè tò a la, al jwenn li kounye a epi regle sa.

Jouk nou rankontre! jiskaske nou rankontre!
 Bondye . . .

Èske pyanis la ka vin sou pyano a, tanpri?

. . . avèk nou jouk nou rankontre ankò!
 Jouk nou . . .

⁴⁷ [Frè Neville di, “Bondye beni w, Frè Branham.”—Editè a.] M remèt tou sa nan men w, Frè Neville. [“Seyè a beni w. Mwen kwè . . . ? . . .”] . . . ? . . .

Jouk nou rankontre!
 Ke Bondye avèk nou jouk nou rankontre ankò!

Bondye beni w, frè.

Li ap pran swen ou,
Li ap pran swen ou;
Atravè solèy ou lonbraj,
Li ap pran swen ou.

Ann chante l ankò.

Li ap pran swen ou,
Li ap pran swen ou;
Atravè solèy ou lonbraj,
Li ap pran swen ou.

48 Sa bèl pa vre? Annou chante l ankò pandan y ap kalme yo.

Li . . .

Jis fèmen je nou.

. . . pou nou,
Li ap pran swen ou;
Atravè solèy ou lonbraj,
Li ap pran swen ou.

49 Papa nou ki nan Syèl la, nou tèlman kontan ke nou te jwenn ke sa vre, nan lè ki pi sonb pou nou ou anba solèy, Li pa janm kite ni abandone nou. Nou tèlman kontan pou sa ke nou genyen, konfyans nou ki fonde sou anyen lòt ke San Jezi ak jistis Li. Nou gen konyans, Seyè, pa nan glwa mond sa a. Nou gen konfyans, nou pa oze met konfyans nan anbyans ki pi dous la, men nou apiye konplètman sou Non Jezi. Ala nou remèsye W, Papa.

50 Kounye a nou sou pwèn patisipe nan youn nan—youn nan kèk ra òdonans natirèl Ou te kite pou nou. Youn nan yo se batèm, lòt la se kominyon, e pwochen an se lavman pye. O Bondye, nou jis antre solanèlman, konsyan ke Ayo sa se Ayo Pak la. Gran vwayaj nan dezè a—a te jis devan timoun yo. San an te dwe aplike dabò sou kad pòt la, anvan yo te ka manje ayo paskal la.

51 Bondye, egzamine kè nou kounye a. Èske San an la, Seyè? Si l pa la, nou priye ke—ke W ap aplike l kounye a menm, wete peche nou yo epi kouvri yo, alò yo va separe de nou, Seyè, peche mond sa, pou nou ka sen e prezantab devan Papa nou kounye a pandan n ap vin pran kò a—a ak San Ayo nou an ki te vèsè, Pitit Bondye a, Sovè nou. Egzamine kè nou pandan n ap li, Papa, e apres a fè nou vin pa W. Paske nou mande l nan Non Ayo a, Jezikri. Amèn.

52 Nan Liv Korentyen an—an, chapit 11 lan, m swete li kèk vèsè, kòmanse ak vèsè 23 a m ap li sa. Se Pòl k ap pale ak legliz Korent lan.

Paske men sa Seyè a te fè m konnen, se sa menm mwen te moutre nou tou, Jou lannwit yo te trayi L la . . . Seyè Jezi te pran pen:

Lè li fin di Bondye mèsì, li kase l, epi li di: Pran, epi manje: sa a se kò m, se pou nou li ye: Se pou nou fè sa pou nou ka chonje mwen.

Konsa tou apre yo fin manje, li pran gode diven an epi apre yo fin manje, li pran gode diven an apre li te fin manje. . .

Ekskize m. Kite m li l ankò.

Konsa tou apre yo fin manje li pran gode diven an, e apre li te fin manje li di yo: Gode sa a se nouvo kontra Bondye fè avè nou nan san mwen: Se pou nou fè sa kòm souvni chak fwa, n ap bwè ladan l pou nou ka chonje mwen.

Se konsa, chak fwa n ap manje pen sa a, chak fwa n ap bwè nan gode sa a, se lanmò Kris la n ap anonse jouk jou Seyè a gen pou l vini an.

Se poutèt sa, si yon moun manje pen Seyè a, osinon li bwè nan gode Seyè a, yon jan ki pa konvenab, moun sa a koupab, paske li peche ni kont kò Seyè a ni kont san li an.

Se pou chak moun egzaminen tèt yo byen anvan, se konsa y a mèt manje pen sa a, y a mèt bwè nan gode sa a.

Si yon moun manje pen sa a, si l bwè nan gode sa a san diyite, se rale l ap rale yon jijman sou tèt li lè l ap manje pen an ak lè l ap bwè nan gode a.

Se sak fè gen anpil moun malad konsa nan mitan nou, anpil moun k ap soufri feblès. . . san konte sa ki mouri deja.

Si nou te egzaminen tèt nou byen anvan, nou pa ta tonbe anba jijman Bondye a.

Men, Seyè a jije nou, li pini nou konsa pou li sa pa kondannen nou ansanm ak moun ki nan lemonn yo.

Se sak fè, frè m yo, lè nou reyini ansanm pou manje manje Seyè a, se pou yonn tann lòt.

Si yon moun grangou, se pou l manje lakay li; pou l pa rale jijman Bondye sou nou lè nou reyini. Pou lòt keksyon yo, m a regle sa lè m a rive lakay nou.

⁵³ Lè m ap panse a sa, se tan ki pi solanèl! Li ekri tou ke lè yo te bay kominyon sa a pou premye fwa, epi fè lavman pye. . . ke nou p ap fè aswè a, paske nou pa gen dlo. Yo te koupe tout dlo a nèt, e nou pa t menm gen plas twalèt aswè a, paske yo te senpleman gen pou mete sa ansanm pi byen ke yo te kapab, pou nou te ka gen sèvis sa aswè a. Men nou pral fè jan yo te fè a, yo di, m kwè ke Lik te deklare sa, ke “Yo te chante yon kantik epi yo te pati ale.” Men èske nou konnen kisa sa reprezante? Èske nou konnen, nan

kòmansman an, lè òdonans sa a te bay premye fwa an Izrayèl, laba nan peyi Lejip, yo te nan wout pou al nan tè pwomiz la. E se konsa nou santi nou aswè a, ke nou sou wout Tè Pwomiz la. E vwayaj la etann devan nou.

⁵⁴ E yo te gen yon siy, ke lè anj lanmò a t ap pase, te dwe gen san sou pòt la, sinon pi gran pitit gason an oswa timoun ki pi gran nan kay la t ap mouri. Lide a, vrè sans lan se te, pou aplike san an dabò. Èske nou te remake jan Pòl te plase l la? “Si yon moun manje san li pa diy, li manje epi li bwè kondanasyon pou tèt li, li pa disène kò Seyè a,” ki vle di menm bagay la, ke lanmò, lanmò espiritiyèl, repoze sou moun ki pran sentsèn lan san li pa diy. Sa ki t ap vle di, soti al bwè epi ap fè vagabon, epi ap viv tankou lemond, epi vin sou tab Seyè a. Nou pa ta dwe fè sa. Kounye a annou pirifye kè nou ak men nou de . . . ak lespri nou de move panse, pou nou ka vin sou tab Seyè a, ak reverans e sentete, kòm nou konnen ke n ap konekte tèt nou ak Sakrifis nou an, Kris Jezi, Ki se sèl sali nou.

⁵⁵ E kounye a, aswè a, fason n ap fè sa, sè ke youn nan ansyen yo ki kanpe isi a, Frè Zabel. E mwen kwè, Frè Zabel, aswè a, si w ta rele an premye moun ki sou lestrad la, konsa moun sa yo ka soti sou lestrad la pou fòm premye liy ou a la, si w vle. Bon, Frè Zabel pral dirije nou, nan kèk moman, osito ke nou mande benediksyon sou kominyon an.

⁵⁶ Pen kachè sa a, se yon Kretyen ki prepare l. Se pen san leven. E si n ap remake la, lè nou mete l nan bouch nou, li trè wobis, yon jan anmè. Li pa lis epi li kase, sakaje, sa vle di kò kraze, maspinen Seyè Jezi nou an. O, lè m menm panse a sa, sanble kè m sote yon batman! Lè m panse ke yo te maltrete L epi malmennen epi frape, Pitit inosan Bondye a! Èske nou konn poukisa Li te fè sa? Paske m te koupab. E Li te vin mwen menm, yon pechè, pou ke pa Sakrifis Li m te ka vin sanble avè L, yon pitit Bondye. Ala yon Sakrifis!

Annou bese tèt nou.

⁵⁷ Bondye Ki pi Sen an, pandan m kenbe nan ti plato an metal sa aswè a, pen sa a ki reprezante kò Seyè nou an ki brize, maltrete, blese, frape, kote pwofèt sa te rele, “Li te blese pou transgresyon nou yo, brize pou inikite nou, chatiman pou lapè nou te sou Li, e avèk mak Li yo nou te geri.” O, ala nou sonje sa, Seyè! Pandan m lye tèt mwen ak Sakrifis sa aswè a, epi oditwa sa a menm jan an, Seyè, a Sakrifis la, ke nou sonje Seyè nou an, lanmò L ak kout fwèt Li yo, ak tout sa L te sibi pou nou, pandan n ap met pen sa a nan bouch nou. Bondye, nou se yon pèp ki pa diy, nou pa diy de yon bagay sen konsa, kidonk kite sentete W, Seyè, Prezans Ou ak San Ou, pirifye kè nou. E pandan n ap resevwa l, ke nou deside nan lespri nou pou nou toujou ap sèvi L lajounen kou lannwit, tout jou nan vi nou. Kounye a sanktifye pen sa pou entansyon n ap sèvi avè l la. Nou mande l nan Non Jezi. Amèn.

58 E mwen kenbe sa nan men m, alòske trant-...apeprè tranntwa zan m ap sèvi Seyè m lan, e mwen wont tèt mwen. Men m panse, kisa m t ap fè si m te gen de vrè gout San Li nan men m aswè a? Kisa m t ap fè avè l? Men, nou konnen, m gen nan men m aswè a, nan je pa L, sa k pi gran, se sa San L te rachte, Legliz Li. Kidonk lè m pran sa, ji rezen sa, m ap panse a sa. Li te di, “Mwen p ap bwè fwi viy sa ankò jouk mwen va bwè l avèk nou ankò nan Wayòm Papa M nan.” Alò remake ke apre gè peche a fini, premye bagay ke nou pral fè lè n ap rive lòt bò a se pran kominyon, soupe Seyè a.

59 Annou koube tèt nou kounye a pandan n ap beni diven sa a. Papa nou ki nan Syèl la, lè m ap panse, pandan m kenbe diven sa la ki reprezante San Jezi a, kijan atravè San ki te koule sa a peche m yo te pati ale. Yo mete yo nan Lanmè Bliye a, pou yo pa t sonje yo ankò. E ak San sa a, yon ti gason ki t ap mouri yon jou te lonje laba a nan yon lopital, e Ou te sove m. O Bondye, ala mwen remèsye W, Seyè. Epitou ban m enèji, pa Sentespri a, pou kondui pèp la nan Kalvè epi montre yo chemen pou al Lakay. Mèsi, Papa. Kounye a sanktifye diven sa pou entansyon n ap itilize l la. E se pou chak moun k ap patisipe nan sakreman sa, aswè a, resevwa fòs esprityèl e fizik pou vwayaj k ap vini an. Paske nou mande l nan Non Jezi. Amèn.

[Y ap sèvi kominyon bay asanble a. Espas vid sou kasèt la—Editè a.]

60 Pou kanpe la a ap gade fanmi yo k ap vini, e se konsa l ap ye youn nan jou sa yo, fanmi pa fanmi, ranje pa ranje, gwoup pa gwoup, youn pa youn. Lè nou va rankontre L, ala yon tan sa va ye, lè tout vi imen ki te viv sou tè a, ki te kwè nan Li e ki te fè L konfyans, va rankontre lòt bò a Jou sa a. Èske sa p ap bèl mèvey? [Kongregasyon an di: “Amèn.”—Editè a.]

61 Nou oblije bliye lavman dè pye a aswè a poutèt kesyon dlo a. Nou pa gen ase enstalasyon pou kounye a, e y ap fè reparasyon an trè byento, nou espere. Sa ap byen dewoule, e y ap travay vit nan nouvo tabènak la. De tout fason m panse ke sa trè apwopriye pou gen kominyon premye jou nan ane a konsa, nan lè sa a nan jounen an.

62 Bon, nou menm ki soti andeyò vil la, kondui ak anpil pridans demen pandan nou pral lakay nou. Ke Bondye avè nou. E noumenm isi a ki moun lakay, tou pre, ke Bondye avèk nou pou ede nou. Epi kounye a, si Seyè a vle, m dwe pati pou pwochen reyinyon sa k ap vini an Arizona, epi alò si Bondye vle, m ap retounen avèk nou ankò pou *Sèt So* yo, jis jan m te pwomèt la. Se sèten m swete priyè nou. M vrèman bezwen nou, kifè pa bliye priyè pou mwen. E ke tout bagay ale byen pou nou. E se sèten mwen apresye prezans nou ak jan nou t ap koute sa m te di nan Levanjil la. M kwè ke n ap fè yon chanjman kounye a. E mwen menm, mwen di nou mèsi pou jantiyès nou.

⁶³ Anpil nan nou ap kondui dè e dè kilomèt pou vin tandè yon senp moun tankou mwenmenm k ap eseye pote Pawòl Bondye a. Mwen sèten ke se te pou yon bagay ki plis ke mwen nou te vin koute, paske m pa gen anyen m ka ofri. M pa gen edikasyon, ankenn repitasyon, anyen ki konsène mwen. Kifè lè m wè moun ap kondui dè santèn e dè santèn de kilomèt, pou yo kanpe ap tann la, a dezè di maten, se pa pou anyen ke m genyen. Se Kris. M tèlman kontan nou renmen L. E mwen renmen L, tou. E ansanm nou renmen L. E poutèt nou renmen L, nou p ap janm oblije separe. Nou ka separe pou yon ti tan isi a, alò ke tan ap pase, men n ap ansanm ankò. Se te anbisyon m pou jis ap eseye kondui moun nan plas sa.

⁶⁴ E kounye a pou kòmanse yon nouvèl ane, m vle di nou, pa “Jwaye Nouvèl Ane” pou nou, M vle di nou sa a, “Bondye beni nou.” Si L fè sa, se tout sa n ap bezwen pou ane k ap vini an. E m gen konfyans ke L ap fè l.

⁶⁵ E mwen menm, ak gras Li, nou pral eseye sa lane pwochèn, Si L epaye m, epaye w, pa gras Li m espere ke m ap yon pi bon pastè lane pwochèn ke m te ye ane sa, m espere ke m ap vin yon pi bon sèvitè pou Kris. M ap fè gwo jefò pou eseye viv pi pre, pi fidèl, pou pote Mesaj la jis jan Li ban mwen l lan, M ap pote L ba nou pi byen ke m kapab, m p ap kenbe anyen de sa Li ta vle ke m ba nou. M ap fè tout sa m kapab. E m konnen nou santi nou menm jan an. Nou—nou santi tankou nou tout vle travay ansanm kounye a, paske limyè aswè yo ap vin fèb sèten, epi solèy la pral kouche. Tè a ap refwadi, nou konn sa, sou plan espiryèl, legliz la ap refwadi e revèy la fini. Nou pa konn sa k ap vini apre, men n ap fè Bondye konfyans pou sa, kèlkeswa sa l ye a. E kounye a kòm pafwa nou. . .

⁶⁶ M vle nou sonje ke tabènak sa isit la gen youn nan pi gran pastè ki egziste nan mond lan, Frè Orman Neville, yon nonm sen, yon bon moun. E lè m absan, Frè Neville konplètman an chaj, kòm si m te la. Administratè, dyak yo, elatriye, dwe rete nan pòs yo jan yo fè l la. E sa se katye jeneral nou. Sa se kote nou—nou—nou enstale, isi a menm. Billy Pòl p ap avè m laba a, sèlman pou reyinyon an, l ap retounen isi a. Aktivite a ak tout bagay ap kontinye opere drèt la jis menm jan an. Jis ale laba a, pa vle di ke m ap kite nou. M jis prale, nou konprann, se jis yon vizyon. M pa konn kisa l vle di. M gen konfyans e mwen kwè tout bon ke se pral pou amelyorasyon tout Legliz la nèt. E m konnen l ap pi bon pou nou tout si nou swiv direksyon Seyè a. Se tout sa ke nou konnen pou n fè. Se pa fasil pou mwen. M sonje yon lè anvan m te oblije elwaye m de legliz la isi a. Kèk nan ansyen yo sonje sa, jan m jis pa t ka fè sa! M renmen moun.

⁶⁷ Lè m te yon ti gason moun pa t renmen m, pèsonn pa t pote atansyon a mwen lè m te timoun, epi mwen menm, lè m te dekouvri ke yon moun te renmen m, mwen—mwen te panse, “ki vle mouri pou yo.” Epi la, poutèt yon moun renmen w, yon moun

sousye l. M t ap grenpe yon fwa sou yon poto epi kwochè m nan te glise soti sou vye poto an sèd lan, epi ne a te byen wo, e m te frape l ak zepon m epi m te tòdye vire tounen, m te tonbe apeprè a kenz pye epi sa te akwoche m ak bra m. Yon dam te rele, e li on jan t ap tape tèt li *konsa*. M te toujou renmen dam sa, li te sousye l. Li te yon moun ki te sousye l. E m te toujou panse, “nenpòt moun ki sousye l de mwen, mwen renmen yo.”

68 E isi a kèk tan de sa m te anba lavil, m t ap panse a jou pase yo, epi sa Bondye te fè pou mwen, mwen apresye sa sèten. E m di nou mèsi pou lanmou ak fratènite nou. E m pa t ap janm eseye kondui nou mal. L ap toujou bon chemen an, dapre pi bon konesans mwen. E nou temwen ke mwen, m pa t janm di anyen sou tèt mwen, se te toujou Jezikri. Ou wè? Ou wè? M te eseye rete jis toupres Pawòl Li a dapre sa m konnen, pou kondui nou epi gide nou nan plas sa.

69 E mwen remèt nou kounye a nan men Frè Neville, dabò nan men Bondye, e apres a nan men Frè Neville, kòm pastè legliz la pou ap veye sou eritaj la jiskaske m ka gen reyinyon sa epi retounen vin jwenn nou ankò. M gen konfyans ke nan moman sa m ka pote ban nou yon gwo revelasyon ki vin de Bondye, ki va fè chak kè tresayi epi glorifye Legliz Bondye a.

70 Dabitid nou jis pran kominyon an. M pa vle di anyen ankò, nou konn kijan mwen santi m. E m ap panse a kantik sa ke nou ta dwe chante kounye a menm, *Lafwa M Ap Gade Ou, Ou Menm Ayo Kalvè a*. E pandan nou kanpe pou ap chante l, ann bay youn lòt lanmen, epi di “Bondye beni w.”

Lafwa m ap gade Ou,

71 Beni w, frè m. Bondye beni w, sè. Bondye beni w, sè.

Sovè. . .

Bondye beni w, frè.

. . . Diven.

Kounye a . . .

. . . ? . . .

. . . pou Ou an antye!

Kounye a annou leve men nou ba Li.

Lafwa m ap gade Ou,

Oumenm Ayo Kalvè a,

Sovè Diven;

Kounye a tandè m pandan m ap priye,

Retire tout koupabilite m,

O kite m apati de jou sa a

Vin antyèman pa W!

72 “Jiskaske nou rankontre!” Ann chante *Jiskaske Nou rankontre ankò*. Kounye a tout moun ansanm.

Jiskaske nou rankontre! jiskaske nou
rankontre!

Jiskaske nou rankontre nan pye Jezi;

Jiskaske nou rankontre!

...?...

...rete avèk nou jouk nou rankontre ankò!

Jouk nou rankontre! jouk nou rankontre!

Jouk nou rankontre nan pye Jezi; (Jouk nou
rankontre!)

Jouk nou rankontre! jouk nou rankontre!

Bondye avèk nou jouk nou rankontre ankò!

Annou koube tèt nou kounye a.

⁷³ Frè Neville, enben, ou pa ta renmen fini reyinyon an nan
lapriyè? Bondye beni nou. 🙏

62-1231 Konba A
Branham Tabènak
Jeffersonville, Indyana Etazini

HAITIAN CREOLE

©2024 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Entèdiksyon fè Kopi

Otorizasyon ki ba w dwa. Ou kapab enprime liv sa a lakay ou pou pwòp tèt ou osinon pou w bay gratis, on fason pou w simaye Levanjil Jezi Kris la. Ou pa kapab vann liv sa a, ni repwodui on bann ak pakèt, ni mete l sou entènèt, ni anpile l sou yon lòt fòm, ni tradui l nan lòt lang, osinon itilize l pou ranmase lajan si ou pa gen yon pèmisyon ekri sou papye kòm sa dwatèt Voice Of God Recordings®.

Pou pi plis enfòmasyon osinon pou lòt materyèl disponib, kontakte souple:

VOICE OF GOD RECORDINGS

P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.

www.branham.org